МБОУ «СОШ№35» г. Грозный

# КЛАССАЛ АРАХЬАРА МЕРОПРИЯТИ

## «25-Г1А АПРЕЛЬ – НЕНАН МЕТТАН ДЕ»





Хьехархо:Чемирзаева Яха Сайпупудиновна



Чоь хаза кечйина ю:
Даймехкан 1аламан суьрташца, б1аьвнийн суьрташца.
Пенаца д1атоьхна йозанаш ду:
Шен ненан мотт ца хууш верг нана йоцу буобер ду.

/кица /

«Кхо х1ума ду дуьне
дезаш, вовшех даьхча кхуьй а леш: Даймохккий, ненан моттий, халкккъий. Тхо-м - нохчий, г1алг1ай Казахстанехьчул чомехь даа, цигахьчул дезаниг т1едуха ца даьхкиний тхешан махка, ц1а, карахь-куьйгахь а, т1ехь а доццушехь. Тхо ц1а оьху: Даймохккий, ненан моттий, тхешан къаммий цхьаьний бен мегаш дацарна».
/А.Сулейманов /

«Хьо ца безаш волчо
Шен нана лорур яц,
Ненан сий цадечо
Мехкан сий дийр дац…»
/Б. Саидов /

«Кхидолчу къаьмнашна,
Шайниш а санна,
Нохчашна шайн мотт а
Сов хьоме бу…»
/Ш. Арсанукаев /

«Шен ненан мотт халкъо,
Сий ойбуш, 1алашбахь,
Цу халкъан парг1ато
Цхьаммо а хьошур яц.»
/М. Мамакаев /

Шен мотт бийцар сийлахь ду.
Кхечу къаьмнийн мотт хаар а сийлахь
/Халкъан хьекъалера/

**Мукъам.: «Ненан мотт» илли.**
**/Дешнаш Ш. Арсанукаевн, мукъам З. Дудаевн /**



**Д1адолор**: Хьехархочун дешнаш

*Де дика дойла шун, хьомсара накъостий!*
*Таханлера вайн цхьаьнакхетар лерина ду ненан м*
*Вайн ненан мотт-иза нохчийн мотт бу.*
*Тайп-тайпанчу хьелашкахь хилла и: оьшуш, ца оьшу*
*безаш, ца безаш, амма таханлерниг санначу дийне*
*сатийсина цуьнца шовкъ йолчара.*
*25-г1а апрель – Ненан меттан деза де хилар т1еч1а*
*шайн сацамца вайн сийлахьчу куьйгалхоша.*
*Вайн массеран ц1арах Дела реза хуьлда царна!*
*Дала ницкъ лойла вайна ненан мотт оьшучу барамехь караберзо!*



**Дешархо**:
Дуьненан уггаре баккхийчу тамашех цхьаъ адаман мотт бу.
Адам кхидолчу дийнатех къасточу билгалонех коьртаниг а мотт бу.
Дуьненахь дехачу х1ора къомана а шен мотт белла Дала.

**Дешархо:**

Вай нохчий ду.

Веза Воккхачу Дала кхоьллина вай нохчий. Цо делла вайна нохчийн сибат.

Цо елла вайна нохчийн амал.

Цо делла вайна нохчийн г1иллакхаш, ламасташ.

**Дешархо:**

Цо белла вайна нохчийн мотт!

Хьо винчу, х1ара дерриг а Дуьне хьуна совг1атна деллачу, хьан цхьаъ бен йоцчу, кхин хила йиш йоцчу хьан НЕНАН МОТТ – х1ун

х ир ду цул деза, цул



1. Со вина Кавказан ломахь,
Къоьжачу баххьашна юккъехь.
Аьрзонийн баннашна лулахь,
Нанас со кхиийна берахь.
Цигахь со набарна товжош,
Цо олу аганан илли,
Декара, дог хьоьстуш, довха,
Сан нохчийн маттара илли

2. Сарахь цо туьйранаш дуьйцуш,
Со цунах хьерчара кхоьруш,
Я халкъан илли цо олуш,
Д1атуьйра набаро хьоьстуш.
Шаьш хьегна баланаш балхош,
Вайн халкъан турпалхой хестош,
Дайн-дайша даьхна и иллеш,
Декара дог 1ийжош доруш

3. Цу иллин дешнашца гора
Даймехкан исбаьхьа суьрташ,
Маршоне, Даймахке безам,
Вайн дайша къийсамехь гайтар.
Ненан мотт хьуна т1е тийжаш,
Хьоьца шайн баланаш балхош,
Хьоьца шайн дог-ойла г1иттош,
Ловш 1ийна уьш и буьрса денош.

4. Хьоьца ду суна мел дезнарг,
Вина мохк, нанас сан хьестар.
Хьоьца ду сан велар, велхар,
Дахаре сан болу безам.
Бекалахь , ненан мотт, тахна,
Дуьнене машаре кхойкхуш,
Лаьтта т1ехь Къинхьегам, Нийсо,
Вошалла,Ирс, Машар кхайкхош.

Нохчийн мотт вайн къоман аз ду, вайн къоман илли ду, вайн къоман назма ду.

**Дешархо:**

Ненан матто 1амадо вай Даймохк беза.

Цо 1амадо вайна нохчийн оьзда г1иллакхаш



**С-М. Гелагаев « Ненан мотт»**

1. Сайн ненан дагна к1ел
Дог тохаделча,
Буьйлира нохчийн мотт
Син т1амарх сан.
Цу маттахь дуьххьара
Ден назма хезча,
Хезира седарчийн
Тийналла схьа.
Хезира чарташа
Еш йолу ойла.
И ойла мел хеза
Хир бу вайн мотт.
Вуьссур вац дуьненахь
Цхьа а вайн байлахь.
Цу маттахь мел олу:

2. Цу маттахь бералло
Хьоьсту шен тайниг.
Цо дагахь латтайо
Аганан йиш.
Цу хазчу эшаран
Мукъам а тайна,
Декош ю Нохчийчоь
Шен хьаьъна хиш.
Матто вай 1амадо
Назманаш ала,
1амадо биц ца бан
Вайн наной,дай,
1амадо бохург дан
Сийлахьчу Дала…

**Илли «Лаьмнийн мукъам»**
**/Дешнаш 1.Юсуповн, мукъам А. Эльдархановн /**

**Магомадова Резида «Уьнше**



Уьншеран заманан
К1оргене яхна
Вайн халкъан д1адахнарг
Со кего йоьлча.
Хилла хьо, нохчийн мотт,
Массарал сийлахь
Хьо ларбеш изгарна
Вайн к1ентий ц1ийлахь.
Дуьненан уггар
Мерза дош «Нана»
Вайн дайша, нохчийн мотт
Хьан дашца аьлла.
Цул т1аьхьа массарал
Сийлахь дош «Даймохк»
Х1етахь ахь теснaчу
Орамах даьлла…

базарахь,
Цхьаьнггера юхалург баьккхина бацара –
Кхоьллина хилла и вайн дайша азаллехь.
Ас лору дуьненчохь мел долу меттанаш,
Нохчийн мотт – гуттара а сан оьзда дозалла,
1ожаллин цамгаро д1алаьцна меттахь 1аш,
Цу маттахь дийр ду ас весет а доьзале.

Цу маттахь нанас со дуьххьара хьаьстина,
Цу маттахь некъан дош дадас а кхайкхина.
Цу мотто, – уггаре тергарчу сан синна
Сан, г...нахь цхьа висча, дог-ойла айина!

**Илли «Даймахке сатийсар»**
**Дешнаш М. Гадаевн,**

**Адуев 1иса «Нохчийн мотт»**

Хьоьца ду жовх1арш,
Меттан куц толо,
Бу хьоьца лаца мукъ,
Кховдийнарг къомо.
Велларг а тергалван,
Ду хьоьца марчо,
Муьлххачу т1ег1ан т1ехь
Хилла хьо маршо.
Нохчийн мотт! Ненан мотт!-
Лам чуьра татол.
Хьан лар ю к1орга 1ин –
Оьздангаллин г1арол.
Хьо бен бац сан аг1о –
Сан куьйга аьтто,
Дог дуззуш сан кийрахь
Нохчалла латто…

**Хьехархо:**

Ненан меттан денца декъалдеш вайн президента Кадыров Рамзана Ахматовича аьлла дешнаш дало луур дара суна:

«Муьлххачу къоман коьрта билгало а, къам шен амалх, г1иллакхех, эхь-бехках, 1адатех ца долуьйту мокхазан ч1аг1о ю мотт. Цунах херделла адам, лакхахь хьахийначу сийлаллех хер ца луш ца дуьсу. Ткъа мотт бицбинчо шен кхерч, ша схьаваьлла бух, дайн мохк бицбо. Цунна шен селханлера де а, кханенга боьду некъ а ца хаьа. Ишттаниг къилба дайна, адамаллин мехаллех тилла ву…

Вешан дай санна нохчий хилла диса дезаш ду вай. Вайн наноша уьншерийн оьмарера таханлерачу дийне кхаччалц кхиош хилла къонахий кхиоран раг1 вайна т1екхаьчна. И къонахий кхио беза аганан илли нохчийн маттахь олуш, дуьххьарлера туьйра нанас шен аьхначу маттахь дуьйцуш. Аганара г1аьттича цу к1антана бакъболчу къонахийн собар, доьналла, хьуьнарш довзуьйтуш, царах дозалла дан, масал эца, цаьрга нисвалар 1амош. Дас халонаш лан, осалниг емалдан, г1ийлачун г1о лаца кечван веза шен во1. Иштта, вайн нанойн масалш т1ехь кхио беза мехкарий. Ненан ховхачу маттаца и дан тахо а ю…»

. Заманийн къизаллаш хьаьхна,
Маршоне къуьйсуш дай баьхна,
Къонахчун яхь ларъеш цара,
Доьналла гайтина майра.
Г1иллакхашца хаздина дайша,
Кегий нах, церан сий дейша!
. Х1ара дуьне кхоьллина деза,
Оьшуш дац и дита деса.
Г1иллакхашца хаздан и хьовса,
Уьш дохош волчуьнца къовса.
Адамаш кхиий вай дайша,
Уьш лоруш, церан сий дейша!

. Вайн наной тешаме хилла,
Эхь-бехках даим ларбелла,
Хьешана кхерч бовха латтош,
И вазвеш дог-ойла г1аттош.
Мехкарий, нанойх тарлойша,
Г1иллакхца шайн сий лардейша!
. Сингаттам хаало тахна,
Стаг вайча г1иллакхах воьхна.
Вайн декхар сийлаллин деца:
Дайн г1иллакх - герз д1а ма хеца!
Г1илкхашца хазди вай дайша,
Адамаш, церан сий дейша!

**Илли «Вайчул хаза…»**

**Дешархо:**
Ненан мотт,
Хьо бека бисалахь,
Тахконза дисинчу
аганна.
Ненан мотт,
Хьо хезчохь бисалахь
Нана мел езачу
берана.

**Дешархо:**
Нохчийн мотт,
Хьо бийца бисалахь
Ненан мотт мел
безачунна:
нохчийн мотт,
Хьо баха бисалахь,
Нохчийн къам мел
деха
цуьнца.



*1* Къоьжачу вайн лаьмнийн
Дог кура баххьаш,
Вайн тог*1*еш, шовданаш,
Б*1*ешерийн хьаннаш-
Д*1*аэца тахана
Хьайн дола ахь уьш,-
Дас, весет, деш, хьайна
Йитина хазнаш.
Д*1*аэца ахь х*1*инца,
Дайша шайн ц*1*ийца
Заманийн йохаллехь
Лардина латта.
Даймохк хьайн д*1*аэца,
Раг*1* хьан ю х*1*инца,
Ден весет кхочушдан,
Юкъ ехкий, г*1*атта.
Ларбе мохк,
Хазбе и,
Ца еш мало.
Т*1*аккха, хьайн весет

*2*. Б*1*ешерийн къийсамехь,
Са санна, лардеш.
Таханенга кхачийна
Вайнехан г*1*иллакх.
Доттаг*1*ий хилла вай
Вежарех тарбеш,
Орцанна кхайкхаза
Кхочуш вай хилла.
Лаьмнашкахь даиман
Дина сий Ненан,
Воккханиг лийрина
Жимчо, деш г*1*уллакх.
Раг*1* хьоьгахь ю тахана,
Вас ца еш дена,
Д*1*аэца цуьнгара
Дайн оьзда г*1*иллакх.
Ларде и, хазде и,
Ца еш мало,
Т*1*аккха, хьайн весет деш,
К*1*анте д*1*ало.

*3*. Хазнашлахь хазна ю
Ненан мотт къоман.
Ненан мотт мел беха,
Къам дуьсу даха.
Ткъа нагахь мотт шен лахь,
Къам, лей, д*1*адолу,
Ненан мотт бицбинарг
Сийсазво наха.
Нохчийн мотт и – халкъан
Синхазнийн хьоста –
Къийсамехь ларбина
Массо а ханна.
Раг*1* х*1*инца хьоьгахь ю,
Д*1*аэций , хьаста,
Ден весет кхочушде,
Къонахчо санна.
Ларбе мотт, хазбе и,
Ца еш мало.
Т*1*аккха, хьайн весет деш,
К*1*анте д*1*ало.

Илли « Ненан маттах ма херлолахь »
/дешнаш а, мукъам а халкъан/

Мероприятин ж

